



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON ENVESTISMAN 24 MILYON DOLA POU
AVANSE PWOGRAM MODÈNIZASYON SISTÈM TRANSMISYON
ATRAVÈ ETA A**

***Reparasyon Enfrastruktirèl ak Mizanivo Teknoloji nan North Country ap Ede
Modènize Rezo Elektrik pou vin gen yon Sistèm ki pi Pwòp e pi Rezistan***

***Amelyorasyon Dijital pral Ede Respekte Direktiv Eta Leta 2018 Gouvènè an, ki te
Mande pou pi Gwo Sèvis Piblik nan Eta a tounen Premye Sèvis Piblik Dijital
boutanbout nan Nasyon an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon investisman 24 milyon dola nan pwojè pou amelyore e modènize sistèm transmisyon elektrik nan New York. Investisman an ap fèt atravè de kontra sou plizyè ane, ke Konpayi Kouran New York la (New York Power Authority, NYPA) te apwouve dènyèman pou reparasyon senten sikisal nan kad Pwojè Elektrik St. Lawrence-FDR (St. Lawrence-FDR Power Project) NYPA genyen nan North Country, ki bay moun New York enèji idwoelektrik pwòp. Investisman yo gen ladan detèktè dijital sou ekipman yo, pou ede respekte direktiv Eta Leta Gouvènè an pou ane 2018 la, ki mande pou transfòme NYPA an yon sèvis piblik ki konplètman dijital. Pwogram lan pral deplwaye nouvo teknoloji tou, ki pral ogmante efikasite ak pwodiktivite, bese pri e minimize tan darè ak pàn, pou soutni estrateji Gouvènè an, ki se “Refòm Vizyon Enèji an” (Reforming the Energy Vision, REV) pou transfòme rezo elektrik eta a pou fè l tounen yon sistèm ki pi pwòp, pi fleksib, e pi abòdab pou tout moun New York.

“Sistèm transmisyon elektrik New York la dwe satisfè bezwen yon ekonomi dirab, ki bezwen kouran pou l mache, nan 21yèm syèk la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman aktif sa yo nan rezo elektrik nou an vital pou ekonomi enèji pwòp nou an, epi li fè nou avanse pi devan pou nou vin pi pre opere yon sistèm teknoloji avanse ki vrèman reprezante laj dijital la.”

Kontra 14 milyon dola ak 10 milyon dola sa yo, ki etann yo sou plizyè ane, ap pèmèt acha 35 disjonktè wot tansyon, ke yo itilize pou kontwòle e pwoteje sikui olon plis pase 2,253 kilomèt transmisyon NYPA genyen. Travo modènizasyon transmisyon an ap gen ladan tou enstalasyon nouvo limitè sitansyon, transformatè, disjonktè, ak relè nan tout sikisal yo, ki kouvri plis pase 40 ekta. Yo te apwouve O’Connell Electric Co., Inc. nan

Victor, N.Y. pou 10 milyon dola, pou sèvis konstriksyon, e yo te apwouve ABB Inc., nan Mount Pleasant, PA, pou 14 milyon dola pou li bay disjonktè sikwi.

“Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, envèstisman NYPA ap fè nan sistèm transmisyon nou an, avèk reparasyon enfastruktirèl sa yo, ap ede nou dijitalize sistèm rezo elektrik New York la pou amelyore operasyon yo, kreye efikasite, e bay kliyan yo sous enèji ki pi byen distribye, tankou depo enèji solè ak enèji elektrik”, **te deklare Richard Kauffman, Prezidan Energy ak Finance (Energy and Finance) Eta New York la.** “Lè li mete tèt ansanm avèk sektè prive an, epi li ajoute nouvo teknoloji nan transmisyon an, NYPA montre kijan nou ka pi rapidman chanje rezo ki sou plas la pou li reponn a atant tan k ap vini yo.”

“Nou pran agajman pou prepare sistèm elektrik New York la pou demen; pou nou fè l pi entelijan, pi dijital, e pi rezistan”, **Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA yo, te deklare.** “Envestisman nan enfastruktirèl enèji nou an, tankou amelyorasyon sikisal sa yo, ap ede asire fyabilite, pèfòmans ak efikasite operasyon NYPA yo pou ane k ap vini yo, sa k ap pèmèt nou kontinye misyon nou ki se bay enèji elektrik ki pa koute chè ak sèvis elektrik inovatè pou kliyan nou yo ak pi plis moun New York.”

Travo sa yo fè pati yon pwogram 726 milyon dola NYPA, ki se Pwolonjman Dire de Vi Transmisyon (Transmission Life Extension), ke yo te lanse nan lane 2012. Lòt dimansyon nan inisyativ modènizasyon transmisyon an enkli envestisman nan teknoloji rezo entelijan pou maksimize efikasite enstalasyon transmisyon yo e atenn pi gwo “apresyasyon eta” pèfòmans aktif elektrik yo nan diferan kondisyon. Amelyorasyon dijital sa yo pral ede NYPA respekte direktiv Gouvènè Cuomo te bay, ki mande pou yo tounen premye sèvis piblik dijital deboutanbout nan nasyon an.

NYPA posede e opere apeprè yon tyè nan liy elektrik wot tansyon eta a, epi li gen aktif ak enstalasyon transmisyon ki date de ane 1950 ak ane 1960, lè li te bati pi gwo izin kouran idwoelektrik li yo sou rivyè St. Lawrence ak Niagara.

Pwojè Elektrik St. Lawrence-FDR NYPA an, se youn nan premye aktif kouran idwoelektrik nan eta a, ki pèmèt NYPA bay kouran ki pa koute chè, e an menm tan pote revni pou antrepriz nan Rejyon Nò New York la, e nan tout eta a. Pwogram devlopman ekonomik NYPA yo gen ladan angajman pou kreye plis pase 400,000 djòb ak yon envestisman kapital prèske 33 milyon dola pou gen yon enfluyans pozitif sou ekonomi eta a.

Pwogram Pwolonjman Dire de Vi ak Modènizasyon Transmisyon NYPA a, ke yo pwolonje jiskan 2025, gen ladan aktif transmisyon nan Rejyon Santral, Rejyon Lwès ak Rejyon Nò nan eta a, epi konstitye pwojè ki gen ladan renouvèlman estrikti liy transmisyon e amelyorasyon estanda ak sikisal izin elektrik yo.

Pou plis enfòmasyon, visite lyen [Pwojè Transmisyon NYPA: Yon Modèl Devlopman San Souf](#) sou sitwèb NYPA.

Konsènan Vizyon Refòm Enèji a

Vizyon Refòm Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize envestisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi ekzije 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire prèske 800 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plizyè milye pòs travay nan manifakti, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak envestisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite rev.ny.gov epi swiv nou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 70 pousan nan elektrisite NYPA pwodwi a se enèji idwo-elektrik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi eta. Li finanse operasyon li yo grasa lavant obligasyon ak revni li resevwa an gran pati atravè lavant elektrisite. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov Renmen nou sou [Twitter](#) @NYPAenergy, [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)